

Avi sou dwa Paran/Responsab pou pa patisipe

Chè Paran/Responsab:

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk(NYC Department of Education, “DOE”) asoye ak NYC Kids RISE, yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi pou bay tout elèv kindergarten ki nan 30 distri yo yon Kont bousdetid NYC(NYC Scholarship Account), yon kont Plan dirèk pwogram ekonomi pou kolèj(New York's 529 College Savings Program Direct Plan) avèk lajan pou depans nan edikasyon siperyè atravè NYC Kids RISE Save for College Program.

N ap enskri pitit ou a otomatikman nan pwogram lan sofsi ou chwazi pa patisipe.

Pou nou ka ouvri yon NYC Scholarship Account sou non pitit ou a epi pou NYC Kids RISE ka depoze \$100 sou li, DOE bezwen bay NYC Kids RISE kèk enfòmasyon sou pitit ou a. NYC Kids RISE travay avèk yon konpayi ki rele VistaShare pou konsève enfòmasyon sou patisipan, jere yon online portal ak ofri sipò teknik. Online portal la se kote ou ka wè NYC Scholarship Account pitit ou a.

Lwa sou dwa nan edikasyon ak vi prive fanmi(Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), yon lwa federal, entèdi DOE pou l pibliye enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye yon elèv san konsantman. Sepandan, DOE ka pibliye kèk enfòmasyon, ki rele “Enfòmasyon ki nan Anyè,” sou oumenm ak pitit ou a, ak kèk limit, toutotan yo ba w oumenm anpremye opòtinite pou chwazi pa patisipe. NYC Kids RISE ak VistaShare gen otorizasyon sèlman pou itilize oswa pibliye enfòmasyon ki nan anyè sa a pou fè pwogram lan fonksyone ak pou evalye l. Yo pa otorize pou vann, itilize yo oswa pataje enfòmasyon ki nan anyè a pou okenn rezon piblisite, marketing oswa lòt rezon komèsyal. NYC Kids RISE ak VistaShare bezwen konsantman DOE avan yo pibliye enfòmasyon ki nan anyè a bay lòt moun.

Ki enfòmasyon yo bezwen pou yo ouvri NYC Scholarship Account?

Enfòmasyon ki nan anyè sa a obligatwa pou NYC Scholarship Account: nimewo idantifikasyon elèv ak paran ki pou pwogram lan sèlman, non konplè, dat nesans, adrès kay, si adrès kay la chanje, nimewo telefòn kay, non lekòl, nivo klas, lang ou pale lakay ou ak transfè ki fèt nan lòt lekòl, si te genyen, andedan oswa deyò sistèm lekòl leta NYC. Konsa tou, nou bezwen enfòmasyon sa yo sou paran: non konplè, adrès imèl, ak nimewo telefòn selilè/lòt nimewo pou jiska de paran/responsab pou chak NYC Scholarship Account.

Pitit ou a dwe rete enskri nan yon lekòl ki nan Distri 30 jiska Janvye 2018 pou yo ka ouvri yon kont pou li.

Ki opsyon ou genyen?

- 1. PA FÈ ANYEN si w ta renmen pitit ou a gen yon NYC Scholarship Account.**
- Si w **PA** vle nou pataje enfòmasyon ki nan anyè a sou pitit ou a, ou dwe ranpli fòm ki pi ba a epi voye l tounen bay pwofesè pitit ou a 4 Janvye 2018 pou pi ta.

Ou gen kesyon? Rele 833-543-7473.

MWEN PA VLE yo pataje enfòmasyon ki nan anyè a sou pitit mwen an. MWEN PA VLE pitit mwen an gen yon NYC Scholarship Account epi pitit mwen an PA P resevwa lajan pou NYC Scholarship Account.

Non elèv la:

Siyati elèv la:

Non lekòl la:

Klas ofisyèl elèv la:

Non Paran/Gadyen legal (ekri an lèt detache):

Siyati:

Dat:

OFFICE NOTE: FOR DISTRIBUTION ONLY TO KINDERGARTEN STUDENTS WHOSE FIRST DATE OF SCHOOL ATTENDANCE OCCURRED BY NOVEMBER 27, 2017

Please keep any returned Notice in the student's Cumulative Folder indefinitely.

HAITIAN-CREOLE